



Pou Piblikasyon Imedya: 13/07/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO LANSE INISYATIV LOJMAN EKITAB ATRAVÈ ETA A AN OPOZISYON A EFÒ PÈMANAN GOUVÈNMAN FEDERAL LA AP FÈ POU AFEBLI LWA SOU LOJMAN EKITAB LA**

*Inisyativ [Fair Housing Matters NY](#) Lan Pral Kontinye Vanse Malgre Tantativ Gouvènman Federal la Ap Fè pou Yo Retire Règleman sou Lojman Ekitab yo ak Plis Segregasyon Ki Baze sou Ras, Etnisite, Andikap ak Lòt Klas ki Pwoteje yo*

*Inisyativ Lan Pral Pran Enfòmasyon nan men Popilasyon an sou Baryè ki genyen pou Opòtinite Lojman Ekitab yo*

*Ankèt sou Entènèt yo Disponib [La a](#) nan Sèt Lang Diferan*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a lansman yon efò atravè eta a pou ka analize epi abòde dosye patèn lavi an segregasyon ak inegalite nan lojman yo nan New York. Sou lidèchip Gouvènè a, Eta a ap vanse ak Inisyativ Fair Housing Matters NY (Lojman Ekitab Enpòtan NY) lan malgre pwopozisyon Gouvènman Federal la pou yo retire règleman sou lojman ekitab yo ke Lwa sou Lojman Ekitab (Fair Housing Act) la mande yo.

"New York pa pral chita bra kwaze epi rete ap gade pandan administrasyon Trump lan ap etabli politik ki ap fè nou fè bak epi ki pral fè enpak yon fason dispwopòsyone sou kominote moun nwa, granmoun aje, moun ki gen andikap, ak fanmi LGBTQ ak fanmi ke fanm dirije yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou pral kontinye swiv règleman yo te mete nan epòk Obama yo epi konsève Lwa sou Lojman Ekitab la lè n'ap travay pou abòde koz rasin istorik pou pwoblèm segregasyon ak inegalite nan lojman ki ap fè mal a popilasyon ki pi vilnerab nan New York yo."

Aktyèlman, Depatman Devlopman Lojman ak Iben Ameriken (U.S. Department of Housing and Urban Development) an mande gouvènman eta, lokal ak otorite lojman piblik ki ap resevwa finansman HUD federal yo pou yo fè yon evalyasyon sou lojman ekitab yo chak twa a senk ane. Evalyasyon an se yon konpozan nan règ Kontinyasyon Yon Fason Favorab ak Lojman Ekitab (Affirmatively Furthering Fair Housing, AFFH) la, oswa AFFH, ke yo te adopte an 2015, ki mande minisipalite eta ak lokal yo pou yo analize epi devlope mezi enpòtan ki pou redwi patèn lavi an segregasyon ak zòn povrete ki konsantre yo, abòde pwoblèm aksè inekitab a opòtinite nan katye yo, ogmante aksesibilite epi ranfòse aplikasyon règ sou lojman ekitab yo.

Administrasyon Trump lan te pwopoze retire pati fondamantal nan kondisyon AFFH la epi inyore segregasyon, entegrasyon, ak diskriminasyon rasyal sistematik yo. Plan sa a pral pa rive rekonèt kondisyon AFFH ki di ke HUD abòde dosye patèn lavi an segregasyon ak lòt inegalite nan lojman yo ak aksè a opòtinite yo.

New York pral kontinye respekte nòm ak pwosesis ke règleman Obama yo te etabli atravè inisyativ [Fair Housing Matters NY](#) lan. Objektif inisyativ lan se pran enfòmasyon nan men lidè kominote yo, òganizasyon san bi likratif yo, pwofesyonèl lojman ak abitan yo sou chwa lojman ak aksè a opòtinite lojman yo. Yo pral entegre rezilta ankèt piblik sa a nan yon rapò ki ap soti nan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York lan ki ap evalye lojman ekitab yo, epi yo pral gide politik ki ap sèvi pou retire baryè ke moun ap fè fas a yo pou lojman yo. Ankèt la disponib nan sèt lang diferan sou sit entènèt HCR la: <https://hcr.ny.gov/fairhousingmattersny#surveys>

Gen de ankèt ki disponib sou sit entènèt HCR la - youn pou abitan yo ak youn pou pati ki konsène nan lojman yo ki enkli founisè sèvis, pwofesyonèl lojman san bi likratif yo, gouvènman lokal ak konstwiktè lojman ki a pri abòdab yo. Yo te tradwi ankèt pou abitan nan kominote yo an Panyòl, Ris, Chinwa, Kreyòl Ayisyen, Koreyen ak Bengali.

An plis de ankèt yo, HCR pral òganize yon seri gwoup ki fokis yo ak sesyon angajman abitan yo pandan sezon ete ak otòn sa a pou diskite sou chwa lojman ekkitab yo.

Biwo Lojman Enpasyèl ak Ekitab (Fair and Equitable Housing Office) HCR la pral analize enfòmasyon yo te rekeyi nan ankèt yo, nan gwoup ki fokis yo, nan men manm kominote yo, ak lòt enfòmasyon pou ka devlope rekòmandasyon pou ka retire baryè ke moun ap fè fas a yo pou lojman yo. Yon vèsyon preliminè rapò inisyativ la pral disponib pou popilasyon a fè kòmantè sou li nan kòmansman ane 2021.

Anons jodi a ap ajoute sou efò pèmanan Gouvènè Cuomo ap fè pou rive akonpli objektif Lwa sou Lojman Ekitab la, ki gen pami yo adopsyon istorik pwoteksyon pou lokatè yo atravè Lwa 2019 sou Estabilite Lojman ak Pwoteksyon pou Lokatè yo (Housing Stability and Tenant Protection Act of 2019), entèdi diskriminasyon sou sous salè yo, epi entèdi founisè lojman ki ap resevwa fon Eta yo otomatikman refize bay aplikan yo lojman baze sou kredi ki negatif yo oswa yon antesedan enplikasyon lajistis.

**RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè HCR, te deklare,** "Inisyativ Fair Housing Matters NY lan se yon pati krisyal nan misyon nou genyen pou nou ede ranvèse plizyè dekad politik diskriminatwa ki te abouti a lojman ki pa ekkitab ak kominote an segregasyon atravè eta a. Lè nou analize inegalite yo epi koute rekòmandasyon kominote nou ap bay sèvis yo sa ap pwomouvwa konpreyansyon epi ede nou retire baryè ke anpil moun New York ap fè fas a yo lè yo ap lwe oswa achte yon kay nan yon katye ke yo chwazi. Nou fyè de Gouvènè Cuomo poutèt li ap dirije nasyon sa a an opozisyon a atak diskriminatwa administrasyon sa a ap fè sou lojman ekkitab yo".

**Johnathan J. Smith, ki se Komisè Pwovizwa Divizyon Dwa Moun (Division of Human Rights) Eta New York lan, te deklare,** "Pandan twò lontan, ras, koulè, orijin nasyonal, oswa andikap yon moun te limite ki kote yo ka viv. Sa gen gwo enpak sou aksè yon moun genyen a bon jan kalite edikasyon, yon bon travay, ak swen sante ki adekwat. Nou dwe kontinye batay pou lojman ki sekirize, ki aksesib, epi ekitab jiskaske chak moun New York ka viv nan yon katye ke yo chwazi. Divizyon Dwa Moun nan kontan pou yo sipòte efò HCR ap fè yo pou yo analize epi abòde pwoblèm sa yo".

Pou plis enfòmasyon, vizite: [hcr.ny.gov/fairhousingmattersny](https://hcr.ny.gov/fairhousingmattersny)

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)